## Class – XII

## विषय–मैथिली / Sub-MATHAILI

## विषय कोड–306 / Sub. Code-306

**I. निम्न बहुवैकल्पिक उत्तरमे सँ सही उत्तर लिखू :**

1. 'सीमान्तिनी' शीर्षक कथाक कथाकार छथि

(क) ज्योतिरीश्वर (ख) म0 म0 परमेश्वर झा

(ग) कुमार गंगानन्द सिंह (घ) मनमोहन झा

2. काशीकान्त मिश्र 'मधुप' का रचना अछि

(क) छुतहर (ख) सोहर

(ग) बाल–लीला (घ) चिनगी

3. डॉ० जगदीश चन्द्र झाक रचना अछि

(क) ललका पाग (ख) ओवरलोड

(ग) बाबी (घ) बड़ा दिनक धूमधाम

4. 'आवाहन' कविताक रचयिता छथि

(क) भुवनेश्वर सिंह 'भुवन' (ख) आरसी प्रसाद सिंह

(ग) डॉ0 काञचीनाथ झा किरण (घ) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

5. 'सीमक लत्ती' कथाक कथाकार छथि

(क) राजकमल चौधरी (ख) प्रो0 मायानन्द मिश्र

(ग) उषा किरण खान (घ) ललित

6. 'ईंट उघनी' कविताक रचनाकार छथि

(क) डॉ0 मनोरंजन (ख) रामदेव झा

(ग) विहंगम (घ) इलारानी सिंह

7. 'मैथिलीक दशा दिशा' निबन्धक निबन्धकार छथि

(क) सुभद्र झा (ख) मोहन भारद्वाज

(ग) जयकान्त मिश्र (घ) उपेन्द्र ठाकुर

8. अश्वघोष महाकाव्यक रचना कयलमि

(क) संस्कृत में | (ख) प्राकृत में
(ग) पालि में | (घ) हिन्दी में

9. मैथिलीक प्रथम गद्य ग्रंथ 'वर्णरत्नाकर' क रचयिता छथि

(क) विद्यापति | (ख) ज्योतिरीश्वर
(ग) उमापति | (घ) गोविन्ददास

10. 'पारिजात हरण' नाटकक लेखक छथि

(क) लोचन | (ख) तंत्रनाम झा
(ग) काशीकान्त मिश्र 'मधुम' | (घ) उमापति

11. 'वर्णरत्नाकर' क लेखक छथि

(क) डॉ० दुर्गानाथ झा 'श्रीश' | (ख) जयकान्त मिश्र
(ग) ज्योतिरीश्वर | (घ) प्रो० अमरेश पाठक

12. कवि लाल दासक लिखल कविताक नाम अछि

(क) वन्दना | (ख) वर्षागीत
(ग) शिशु | (घ) नटराज

13. 'ओवरलोड' कथाक लेखक छथि

(क) भाग्य नारायण झा | (ख) कुमार गंगानन्द सिंह
(ग) मनमोहन झा | (घ) ललित

14. मायानन्द मिश्रक कविता अछि

(क) अहाँ की छी | (ख) ईंट उघनी
(ग) कचहरी | (घ) नवयुगक चुमाओन

15. 'हथटुट्टा कुर्सी' एकांकीक रचनाकार छथि

(क) राजमोहन झा | (ख) मोहन भारद्वाज
(ग) मणिपका | (घ) सुभद्र झा

16. मैथिली निबन्ध साहित्यक रूपरेखा शीर्षक निबन्धक निबन्धकार छथि

(क) डॉ० जगदीश चन्द्र झा | (ख) डॉ० उषा किरण खान
(ग) डॉ० प्रबोध नारायण सिंह | (घ) डॉ० भीमनाथ झा

17. बुद्ध विरोधी छलाह

(क) संस्कृत भाषाक (ख) वैदिक धर्म कर्मक

(ग) लिच्छवीवंशक (घ) लोकनायक

18. महावीरक उपदेशक भाषा छल

(क) प्राकृत (ख) संस्कृत

(ग) पालि (घ) अपभ्रंश

19. 'राधा–विरह' महाकाव्यक प्रणेता छथि

(क) सुरेन्द्र झा 'सुमन' (ख) तत्रनाथ झा

(ग) बदरीनाथ झा (घ) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

20. 'कन्यादान' उपन्यासक लेखक छथि

(क) राजकमल चौधरी (ख) मायानन्द मिश्र

(ग) हरिमोहन झा (घ) जनार्दन झा 'जनसीदन'

21. 'आजुनाथ एक व्रत' एहि पाँती में 'आजु' क अर्थ भेल

(क) आँजुर (ख) आयु (ग) आइ (घ) आउ

22. 'हिमगिरि' कतए शोभित छथि ?

(क) गरदनि मे (ख) कपार पर (ग) माथ पर (घ) नाक पर

23. 'साहित्य ककरा कही' कोन विधाक रचना थीक ?

(क) कथा (ख) कविता (ग) एकांकी (घ) निबन्ध

24. 'मैथिली : दशा ओ दिशा' अछि

(क) चेतना मूलक (ख) उद्बोधनात्मक (ग) भाषा प्रेम परक (घ) तीनू

## II. <u>रिक्त स्थाना क पूर्ति करू :</u>

1. पसरल भीषण हिंसा भवमें आतंक भरल प्रति ......... मे। (मानव/दानव)
2. अग्रतः सकल ............ पृषतः सशरं धनुः । (शस्त्रं/शास्त्रम)
3. ................. जसोमति पहुँचलिजाय। (हसइत/कनइत)
4. हुनक ............. मृदुल कल्पनीक। (सरूप/अरूप)
5. सभजन धनक ............ अभिलाष। (हरन/पूरन)
6. घट–घट मे वासी .............. एक। (शिव/ब्रह्म)
7. न्यायक भवन कचहरी .............. । (नाम/ठाम)

8. नचारी ............ गीत अछि। (कृष्ण विषयक / शिव विषयक)
9. सीमान्तिनी शीर्षक रचना ............. (शिव / ब्रह्म)
10. हे तिरहुत हे मिथिले .................. । (द्याम / ललाम)
11. नव अलिखित मैजिक .......... थिकह। (पोथी / सिलेट)
12. बापक केहन हृदय होइत छैक............. बुझबहक। (नाहि / की)
13. भावना आ भाषा परसार............... सूत्रमे जड़ित अछि। (अविच्छेद्य / विच्छेद्या)
14. भोर हि मे ............................ किरन।
15. ई देश–कोस, ई .............. ।
16. एक दिन बाबा ............................ काटि कऽ पड़ि रह लाह।
17. मिथिला चित्रकला में रंग आ चूर्ण के ..................... मे मिलाओल जाइत अछि।
18. जे शब्द भाषा कँ अनुशासित करैत अछि ................. कह बैछ।
19. 'चुड़ा–दही' में .................... समास अछि।
20. आवेदन पत्रक आरंभ .................... शब्द सँ होइत अछि।
21. मोहावरा अरबी भाषाक शब्द अछि जकर अर्थ होइछ...........

## III. सही प्रश्नक आगाँ सही आ गलत प्रश्नक आगाँ गलत लिखू :

1. उत्तरी टुटलाक बाद उत्तराधिकारी स्वच्छन्द भड गेलाह।
2. ई घर एखन पुरूखाहे भऽ गेल अछि।
3. अनाथक आब अश्रुकण नहि उमड़त।
4. ड्राफ्ट अथवा बैंकर चेक में विनिमय चार्ज नहि लगैत अछि।
5. 'हँसब' सकर्मक क्रिया अछि।
6. म0म0डॉ0 सर गंगानाथ झा प्रयाग विश्वविद्यालयक कुलपति छलाह।
7. चन्द्रशेखर झा रूनाफ पति छलाह।
8. 'बाल–लीलाक रचनाकार सोमदेव छलाह।
9. पं0 गोविन्द झाक रचना 'सोहर' अछि।
10. आजुक समाजमे हिंसा नहि भए रहल अछि।
11. डॉ0 ब्रजकिशोर वर्मा 'मणिपध्म' होमयोपैथिक डाक्टर सलाह।
12. पढ़ता गुनता करताह पास।
13. 'गीत' शीर्षक कविता में स्वच्छ–प्रेम अछि।
14. मेघ रूपी वस्त्र नायक पहिरने छथि।

15. चित्र विलुप्त भऽ जाइछ परन्तु शैली विद्यमान रहैत अछि।
16. 'भिखमंगा' कथा मे अपन अस्तित्व ओ आर्थिक रूपे स्वतंत्र होएबाक स्त्री औनाहटि कें देखा ओल गेल अछि।
17. हँसब सकर्मक कृया अछि।
18. दीनाभद्री लोककथा थीक।
19. संक्षेपणक भाषा अनलंकृत होइत अछि।
20. निबन्ध पद्य साहित्यक एकटा महत्वपूर्ण विधा थिक।

## IV. स्तम्भ 'क' केर सही मिलान स्तम्भ 'ख' सँ करू :

| | स्तम्भ 'क' | स्तम्भ 'ख' |
|---|---|---|
| 1. | हाथीक दाँत | काशीकान्त मिश्र 'मधुप' |
| | छुतहर | कनेक सुगबुगा उठलन्हि |
| | कौशिकी | कटरा |
| | अकस्मात् वृकक देह | प्रो0 प्रबोध नारायण सिंह |
| | घोड़ा | बाढ़ि |
| 2. | बाबी | भाषा |
| | काशीकान्त मिश्र 'मधुप' | विलोम |
| | मैथिली | प्रभास कुमार चौधरी |
| | काँच–पाकल | विभा रानी |
| | भिखमंगनी | छुतहर |
| 3. | हेतिरहुत हे | तन–मन मे |
| | कण–कण आ | काव्य |
| | चम्पू | मिथिला चित्रकला |
| | उपेन्द्र ठाकुर | मिथिला ललाम |
| 4. | पर्यायवाची | संक्षेपण |
| | तृतीयांश | समानार्थक |
| | तिरहुता | कर्मधारय |
| | समास | लिपि |

## VI. शीर्षक दैत निम्नलिखित के संक्षेपण करू :

डॉ0 झाक उन्नतिक साधन कार्यक्षमता एवं संकल्प छलनि।

कार्य आरम्भ कय बिनु समाप्रकयने हिनका शान्ति नहि।

आजुक काज काल्हुक हेतु राखए अविंतहि नहि छलनि।

आलस्यक गन्धो नहि छलनि। समयक मूल्यांकन आ सुदपयोग हिनक जीवनक आदर्श छल।

## VI. निम्नलिखितमे सँ कोनो एक विषय पर निबन्ध लिखू :

1. टेलीविजन
2. बाढ़ि
3. स्त्री–शिक्षा

## VII. निम्नलिखित लघु उत्तरीय प्रश्नक उत्तर 40–50 शब्दमे लिखू :

1. बाबीक मनोरथ की छलाहि ? लेखक बाबीक आर्शीवाद सँ वंचित कोना रहि गेलाह ?
2. देशक संस्कृतिक की सभ विशेषता छैक ?
3. मिथिला जनपदक अस्तित्वक ज्ञान कहिया भेल ?
4. 'ललका पाग' कथामे पागक महिमा मंडन कोन रूपें कयल गेल अछि ?
5. एकता आ राष्ट्रशक्तिमे अभिन्न सम्बन्ध कोना अछि ?
6. रागिनीके अपना पर पश्चाताप किएक भऽ रहल छनि टुटेते कीलक जाँत कथाक आधार पर लिखू।
7. 'चिनगोक' तात्पर्य की अछि ?
8. 'सोहर' कोन तरहक गीतके कहल जाइत अछि ?
9. कोन ऋतु अति शोभायमान भए रहल अछि ?
10. ईंट उधनी अपनाके की बुझैत अछि ?
11. यात्री 'परम सत्य' ककरा कहलंनि अछि ?
12. कायस्थ शैली आ ब्राह्मण शैलीक चित्रांकन मे की अन्तर अछि ?
13. 'कचहरी' शीर्षक कविता में सम कोन बात पर सहमत रहैत छल ?
14. 'अहाॅ की छी' कविता में संतुलन ककरा लेल निर्दिष्ट अछि ?
15. लोरिक के अन्तिम युद्ध सँ की भेलन्हि ?
16. गद्य ओ पद्यक सम्बन्ध में रमानाथ झाक की उक्ति अछि ?
17. यात्रीक पारो उपन्यासक लक्ष्य की अछि ?

## VIII. निम्नलिखित दीर्घ उत्तरीय प्रश्नक उत्तर 200 शब्द में लिखू :

1. 'हाथीक दाँत' शीर्षक एकांकीक भाव स्पष्ट करू।
2. डॉ0 सर सी0वी0 रमणक बाल्यकालक वर्णन करू।
3. कृष्णक बाल–लीलाक वर्णन अपना भाषा में करू।

4. 'कचहरी' शीर्षक कविताक सारांश लिखू।

5. 'बाबी' कथाक सारांश लिखू।

6. 'बाबाक संस्कार' कथाक सारांश लिखू।

7. मैथिली भाषाक उत्पत्तिक संक्षेप में परिचय दिअ।

8. मैथिली साहित्यक काल–निर्धारण सँ परिचय कराउ।

9. 'शीतल रक्त कें
पूर्ण रूपे तप्त कए
सँझुका तिनट किया मे उन्मत्त भए।
बढैत रहैत छि'
एही उक्तिक भाव स्पष्ट करू ।

10. 'वर्षा' गीतक आधार पर वर्षाक महत्व पर टिप्पणी करू।

11. भाषाक प्रवाह ककरा कहल जाइछ ?

12. यात्रीक सम्बन्ध में कोनो चारि टा महत्वपूर्ण तथ्यक उल्लेख करू।

13. 'बाबाक संस्कार' कथाक कथावस्तु संक्षेप में लिखैत ओहि से निहित संदेश स्पष्ट करू।

14. 'ईंट उधनी' वर्ग संघर्षक गाथा थिक–विचार करू।

**IX.** 1. निम्नलिखितमे सँ कोनो पाँच शब्दक विलोमशब्द लिखू :
आस्तिक, सजीव, उपकार, विधवा, वियोग, स्वतंत्र

2. निम्नलिखितमे सँ कोनो पाँच शब्दक संधि–विच्छेद करू :
दिगन्त, पावक, चन्द्रोदय, मनोरथ, देवर्षि, निरोग।

3. निम्नलिखितमे सँ कोनो पाँच शब्दक समासक भेद उल्लेख करू :
पीताम्बर, लोक–वेद, यथाशक्ति, बेलपात, पञ्चपात्र, अनचिन्हार ।

4. उपसर्ग आ प्रत्ययमे अन्तर लिखू ।

5. व्युपत्तिक दृष्टि से शब्दक भेद सोदाहरण लिखू।

6. निम्नलिखित उपसर्ग सँ 'शब्द' बनाउ :
वि, नि, सह, अप, सु।

7. संधि से अहाँ की बुझैत छी ? एकर कतेक भेद अछि ? उदाहरणक संग बुझाउ।

8. मैथिलीमे लिंगक कतेक भेद अछि ?

9. वचनक की अर्थ अछि तथा एकर कतेक भेद अछि ? सोदाहरणक लिखू।

10. निम्नलिखित शब्दक पर्यायवाची शब्द लिखू :
शंकर, राति, राजा, सर्प, पति ।

11. निम्नलिखित मोहावरा के वाक्यमे प्रयोग करैत अर्थ स्पष्ट करू :
गरल मुरदा उखाड़ब, गागर में सागर भरब, गुड़ गोबर करब, तरबा चाटब, वनर घुड़की देब।

12. गामक यातायात व्यवस्था सुदृढ़ करबाक लेल मुखिया के एकता आवेदन पत्र लिखू।

**X.** निम्न बहुविकल्पीय प्रश्नक उत्तर दिअ ।

1. 'देसिल वएना सबजन मिट्ठा' लिखने छथि
(क) महावीर (ख) बुद्ध (ग) विद्यापति (घ) चंदा झा

2. आधुनिक मैथिली साहित्यक जनक छथि
(क) चंदा झा (ख) यात्री जी (ग) सुमन जी (घ) हरिमोहन झा

3. निम्न मे कोन संज्ञाक प्रकार नहि अछि
(क) यथार्थ वाचक (ख) जाति वाचक (ग) समूह वाचक (घ) भाव वाचक

4. 'विलोम' शब्दक अर्थ होइत अछि
(क) समानार्थक (ख) विशेषार्थक (ग) विपरीतार्थक (घ) व्यंग्यार्थक

## XI. <u>सही विकल्प चयनित करू :</u>

1. बुड़िबक तत्सम / तद्भव / देशज / विदेशज
2. पथार तत्सम / तद्भव / देशज / विदेशज
3. धर्म तत्सम / तद्भव / देशज / विदेशज
4. अलमीरा तत्सम / तद्भव / देशज / विदेशज

## XII. निम्न शब्दक सन्धि–विच्छेद करू ।

1. नायक
2. सूर्योदय
3. पवित्र
4. सज्जन

**XIII. निम्न शब्दक एक एक टा पर्यायवाची शब्द लिखू :**

1. खुशी
2. लज्जा
3 चन्द्रमा
4 पानि

21. 'अ' उपसर्ग एवं 'अल' प्रत्यय सँ दू–दू गोट शब्द बनाउ।

**XIV. निम्न लोकोक्तिक अर्थ स्पष्ट करू :**

1. गोर मउगी गौरबे आन्हर
2. खेत खाए गदहा मारि खाए गदहा

**XV. निम्न प्रश्नक उत्तर दिअ ।**

1. मैथिली भाषाक उत्पत्ति कोना भेल ?
2. समासक परिभाषा लिखू। एकर मुख्य भेद कोन–कोन अछि ?
3. औपचारिक पत्रक आवश्यक नियम सँ अवगत कराउ ।
4. निम्न गद्यांशक संक्षेपण करू –
"कथा कहब आ सुनब मनुष्यक आदिम प्रवृत्ति अछि। दादी–नानीक खिस्साक अलावे विभिन्न पेशा सँ जुड़ल लोक सभ समय खेपबाक लेल खिस्सा गढ़ैत छल ओकरा सुनि–सुना क ऽ मन बहटबैत छल। एतबे नहि, महिला सभ व्रत आ पावनिक खिस्सा कहैत छलीह त ऽ पुरूष लोकनि लोकगाथा, लोककथाक चरित्र प्रधान कथा कें नाचि–गावि कऽ मूर्त करैत छलाह। मौखिक कथा परम्पराक बाद लिखित आ साहित्यिक कथा रचनाक विकास भेल। मैथिली कथा संसार मे आइ दूनू प्रचलन अछि।"
5. मैथिली साहित्यक आधुनिक कालक संक्षिप्त विवरण प्रस्तुत करू ।
6. 'विद्यापति' पर एक संक्षिप्त निबन्ध लिखू ।